



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 16 avril 2013

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE MEZI SEKIRITE NAN NEW YORK POU BAY REPONS POU BONBADMAN MARATON BOSTON

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse li mande ajans eta a, ansanm avèk Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans (DHSES), Lapolis Eta New York (NYS), Lagad Nasyonal, Metropolitan Transportation Authority (MTA) ak Port Authority of New York and New Jersey (PANYNJ) pou yo nan yon nivo alèt siperyè. Yo te pran mezi sa yo pou asire kontinyasyon sekirite Nouyòkè yo apre atak teworis nan Maraton Boston ayè.

Gouvènè Cuomo di konsa, "Panse ak lapriyè nou avèk viktim yo ak fanmi yo, ak moun Boston tou pandan trajedi sa a. Pandan nou aprann plis enfòmasyon sou ensidan sa a, New York pran tout mezi pou asire sekirite tout Nouyòkè ak tout moun k ap vizite eta nou an. Ajans lapolis lokal nou yo ap rete vijilan nan chèche nenpòt aktivite sispèk, epi mwen ankouraje tout Nouyòkè yo pou yo rapòte nenpòt pake oswa aktivite sispèk ba otorite yo. Pa gen zak teworis lach k ap janm asosye avèk volonte ak kouraj Nouyòkè yo ak Ameriken yo, ni sa p ap dekouraje nou pou mennen aktivite lavi nou chak jou."

Eta New York te nan kontak sere avèk ofisyèl federal, ofisyèl eta a ak ofisyèl lokal yo, ak otorite yo nan Boston. Tout ajans lapolis yo ap kontinye siveye devlopman yo, epi y ap kowòdone avèk Ekip Espesyal Miks FBI pou Teworis.

Divizyon Afè Militè ak Lamarin

Joint Task Force Empire Shield Lagad Nasyonal New York rasanble fòs, pou voye 230 sòlda ak avyatè pou ede Kont-Teworis NYPD ak MTA, epi yo bay anplwaye pou ogmante misyon sekirite nan Tèminal Otobis Port Authority, estasyon PATH, ak Estasyon Penn ansanm avèk Grand Central Terminal, Amtrak, Queens Midtown Tunnel, Brooklyn Battery Tunnel, JFK International, ak ayewopò LaGuardia International.

Lapolis Eta New York

Patwouy Lapolis Eta a, avèk objektif sou inite K-9, gen plis prezans ak viziblité nan estasyon tren yo ak nan platfòm yo nan tèt ansanm avèk MTA ak Amtrak. Patwouy yo gen obligasyon pou ogmante prezans yo ak operasyon patwouy nan kote ki gen anpil moun ak nan evènman espesyal yo, tankou sant transpò yo.

Haitian Creole

Port Authority of New York ak New Jersey

Lapolis PANYNJ ogmante prezans yo nan tout enstalasyon Port Authority, tankou espas World Trade Center, Tèminal Otobis Port Authority, PATH, tinèl li yo, pon li yo, ayewopò li yo ak pò maritim li yo.

Answit, ofisyèl PANYNJ ap rankontre avèk manm NYPD yo pou kowòdone detay ak aranjman sekirite pou 9/11 Memorial 5K Run/Walk dimanch lan. Sekirite ki antoure evènman sa a ap ogmante tou pou asire yon anviwònman pwoteje ak an sekirite.

Metropolitan Transportation Authority

Deplwaman Lapolis MTA sipleman tè toupatou nan estasyon ak platfòm yo sou distans 2047 mil chemennfè a; Lapolis Eta New York ap kowòdone avèk MTA pou deplwaye Ajan Lapolis nan estasyon tren yo ak platfòm yo toupatou nan zòn sid Hudson Valley ak Long Island.

Y ap bay atansyon espesyal nan sant transpò enpòtan yo, tankou Grand Central Terminal, Penn Station ak Tèminal Atlantic ak Jamaica ki gen anpil aktivite.

Sant Entèlijans Eta New York ap kontinye kontwòle efò ankèt la, epi y ap bay enfòmasyon, y ap mande aksyon kominote lapolis jan li apwopriye pou asire chak efò fèt pou detekte ak anpeche atak yo nan Eta New York.

Yèswa, Lapolis Anti-Terroris ak Eta New York ak Lapolis Eta New York te fè yon Apèl Konferans pou bay lapolis eta a ak lapolis lokal yo enfòmasyon sou Bonbadman Boston epi pou mande ajans sa yo pou ogmante prezans yo ak sansibilizasyon yo nan kote ki gen anpil moun, evènman espesyal, gradyasyon ak sant transpò; kit se platfòm ak estasyon tren, tèminal otobis ak pasaj sou pon.

Si Nouyòkè yo remake aktivite ki sanble sispèk oswa ki nan plas yo, tanpri rapòte yo ba lapolis lokal.

- Nan Vil New York, tanpri rele 1-888-NYC-SAFE (1-888-692-7233)
- Nan Eta New York, tanpri rele 1-866-SAFE-NYS (1-866-723-3697)

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418